

## AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

Dat li Kòmanse: 14 avril 2003

Revize: 1ye jen 2024

AVI SA A DEKRI KIJAN ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU YO KAPAB ITILIZE EPI DIVILGE AK KIJAN OU KA JWENN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA A. TANPRI REVIZE LI AK ANPIL ATANSYON.

Lwa 1996 sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante a (Health Insurance Portability and Accountability Act), ak Lwa sou Teknoloji Enfòmasyon Sante pou Sante Ekonomik ak Medikal (Health Information Technology for Economic and Clinical Health Act) (ki nan Tit XIII Lwa 2009 sou Rekiperasyon ak Re-Envestisman Ameriken an (American Recovery and Reinvestment Act )) (ki rele an jeneral “HIPAA”), jan yo amande li tanzantan, egzije nou pou kenbe konfidansyalite enfòmasyon sou sante pasyan ke yo ka idantifye endividyèlman yo (enfòmasyon sa a se “enfòmasyon sante pwoteje” (protected health information) epi yo rele li “PHI”). Nou oblije tou bay pasyan yo yon Avi sou Pratik Konfidansyalite konsènan PHI. N ap itilize oswa divilge PHI ou sèlman jan lwa eta ak federal aplikab pèmèt oswa egzije sa. Avi sa a aplike pou PHI ou ki anba kontwòl nou ak ladann dosye medikal nou te kreye yo.

Nou konprann ke enfòmasyon sou sante w yo anpil pèsone, epi nou pran angajman pou pwoteje vi prive w. Tanpri li Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a byen. Li dekri kijan nou pral itilize epi divilge PHI ou.

Avi sa a aplike nan livrezon swen sante pa lopital nou an ak anplwaye medikal li yo nan lopital prensipal la, depatman pasyan ekstèn ak klinik yo. Avi sa a aplike tou pou revizyon itilizasyon ak aktivite evalyasyon kalite Trinity Health ak lopital nou an kòm manm Trinity Health, yon sistèm swen sante Katolik ki gen etablisman nan plizyè eta atravè Etazini.

### I. Itilizasyon oswa Divilgasyon Otorize

- A. Tretman:** Ministè nou an pral itilize epi divilge PHI ou pou bay, kowòdone, oswa jere swen sante w ak sèvis ki asosye yo pou bay sèvis tretman yo. Sa ki annapre yo se egzanp sou kijan nou pral itilize ak/oswa divilge PHI ou:
- i. Pou doktè kap swen w la, doktè konsiltan (yo), ak lòt founisè swen sante ki gen yon bezwen jistifye pou enfòmasyon sa yo nan swen ak tretman w.
  - ii. Pou kowòdone tretman w (pa egzanp, pwograme randevou) avèk nou epi lòt founisè swen sante tankou non, adrès, travay, konpayi asirans, elatriye.
  - iii. Pou kontakte w pou fè w sonje yon randevou ou gen pou tretman oswa swen medikal nan lokal nou yo.
  - iv. Pou ba w enfòmasyon sou lòt opsyon tretman oswa lòt benefis oswa lòt sèvis ki gen rapò ak sante.
  - v. Si w se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa sou responsablite yon otorite lajistis, nou pral divilge PHI ou bay enstitisyon koreksyonèl la oswa otorite lajistis la.

- B. Peman:** Ministè nou an ap itilize epi divilge PHI sou ou pou rezon peman. Sak annapre yo se egzanp sou kijan nou pral itilize ak/oswa divilge PHI ou:
- i. Pou yon konpayi asirans, yon enstitisyon peyè entèmedyè, yon administratè entèmedyè, yon plan sante oswa yon lòt founisè swen sante (oswa reprezantan yo ki otorize kòm sadwa) pou rezon peman tankou detèmine kouvèti asirans, kalifikasyon, otorizasyon davans / otorizasyon pou tretman, bòdwo, jesyon reklamasyon, odit ranbousman, elatriye.
  - ii. Pou ajans koleksyon yo ak lòt enstitisyon entèmedyè yo ki angaje nan jwenn peman pou swen.
- C. Operasyon Swen Sante:** Ministè nou an ap itilize epi divilge PHI ou pou rezon operasyon swen sante. Sak annapre yo se egzanp sou kijan nou pral itilize ak/oswa divilge PHI ou:
- i. Pou jesyon ka, asirans kalite, itilizasyon, kontablite, odit, planifikasyon egzeyat, aktivite sante popilasyon ki gen rapò ak amelyore sante oswa diminye depans swen sante, edikasyon, akreditasyon, lisans, ak aktivite kalifikasyon.
  - ii. Pou konsiltan, kontab, oditè, avoka, konpayi transkripsyon, teknoloji enfòmasyon ak founisè estokaj vityèl, elatriye.
- D. Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon:** Kòm yon pati nan tretman, peman, ak operasyon swen sante Ministè nou an kapab itilize PHI ou tou pou rezon annapre yo:
- i. Aktivite pou Ranmase Lajan ak Maketing: nou itilize epi nou ka divilge tou kèk nan PHI ou, ak ladan yo yon fondasyon ki an rapò, pou kèk aktivite pou ranmase lajan ak maketing. Pa egzanp, nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon demografik ou yo, dat sèvis tretman w yo, enfòmasyon doktè k ap trete w, depatman sèvis yo ak enfòmasyon sou rezilta yo epi nou ka mande w fè yon don lajan. Nenpòt kominikasyon pou ranmase lajan ak maketing yo voye ba w ap fè w konnen kijan w kapab egzèse dwa w pou refize resevwa kominikasyon menm jan yo alavni.
  - ii. Rechèch Medikal: Nou pral sèvi ak epi divilge PHI ou nan yon fason otorize bay chèchè medikal ki mande li pou pwòje rechèch medikal apwouve. Chèchè yo oblije pwoteje tout PHI yo resevwa.
  - iii. Enfòmasyon ak Aktivite Pwomosyon Sante Nou pral itilize epi divilge kèk nan PHI ou pou sèten aktivite pwomosyon sante. Pa egzanp, yo pral sèvi ak non w epi adrès ou pou voye yon bilten jeneral oswa enfòmasyon espesifik ki baze sou pwòp pwoblèm sante w.
- E. Lwa Eta ak Federal ki Pi Estrik:** Lwa Eta a na Pennsylvania/Delaware pi estrik pase HIPAA nan plizyè domèn. Sèten Lwa federal tou pi estrik pase HIPAA. Ministè nou an ap kontinye respekte Lwa eta ak federal ki pi estrik sa yo.
- i. **Lwa Federal ki Pi Estrik:** Lwa federal yo gen ladan yo Lwa sou vi prive aplikab sou Entènèt yo, tankou Lwa sou Pwoteksyon Konfidansyalite sou Entènèt pou Timoun (Children's Online Privacy Protection Act) epi Lwa ak règleman federal ki gouvènè konfidansyalite enfòmasyon sou sante konsènan tretman pou konsomasyon alkòl ak dwòg.
  - ii. **Lwa Eta ki pi Estrik:** Lwa eta pi estrik lè moun nan gen dwa gen pou plis aksè nan dosye yo pase nan kad HIPAA. Lwa eta gen plis restriksyon tou lè dosye yo gen plis pwoteksyon kont divilgasyon pa Lwa eta a pase nan kad HIPAA. Nan ka

kote Ministè Sante Nou an bay tretman pou yon pasyan ki abite nan yon eta vwazen, n ap respekte lwa eta ki aplikab ki pi estrik yo.

**F. Echanj Enfòmasyon sou Sante:** Ministè nou an pataje dosye sante w yo elektwonikman oswa otremman avèk Echanj Enfòmasyon Sante (Health Information Exchanges, "HIE") ki fè echanj dosye sante ak lòt HIE. Ministè nou an itilize tou teknoloji echanj done (tankou sèvis mesaj dirèk, founisè sèvis enfòmasyon sante (health information services provider, "HISP"), ak pòtay founisè yo) ak Dosye Elektwonik Sante li (Electronic Health Record, "EHR") pou pataje dosye sante w yo pou rezon ke yo pèmèt yo ak ladan yo kontinyite swen ak tretman. HIE ak teknoloji echanj done pèmèt pataje dosye sante w yo pou amelyore kalite sèvis swen sante yo ba w yo (pa egzanp, evite refè tès ki pa nesèsè). Dosye sante ki pataje yo pral gen ladan yo, si sa aplikab, dyagnostik sansib tankou VIH/SIDA, maladi seksyèlman transmisib, enfòmasyon jenetik, sante mantal, ak abi alkòl/dwòg, elatriye. HIE yo ak founisè teknoloji echanj done fonksyone kòm asosye komèsyal nou epi, lè yo aji nan non nou, yo pral transmèt, kenbe epi estoke PHI ou pou tretman, peman ak operasyon swen sante ak lòt rezon otorize. HIE ak teknoloji echanj done yo oblije aplike prekosyon administratif, fizik ak teknik ki rezonab epi apwopriye pou pwoteje konfidansyalite ak entegrite enfòmasyon medikal ou yo. Lwa ki aplikab yo ka ba w dwa pou w mete restriksyon sou HIE (yo), aksepte oswa refize yo. Pou plis enfòmasyon tanpri kontakte Ofisye Konfidansyalite Ministè Sante nou an nan 833-718-1043, oswa ou ka imèl nou nan [privacyofficer@trinity-health.org](mailto:privacyofficer@trinity-health.org).

## II. Itilizasyon oswa Divilgasyon Otorize ak yon Opòtinite pou Ou Dakò oswa Refize

- A. Fanmi/Zanmi:** Ministè nou an pral divilge PHI sou ou bay yon zanmi oswa yon manm fanmi ki enplike oswa ki peye pou swen medikal ou. Ou gen dwa pou mande pou yo pa pataje PHI w ak kèk oswa okenn manm fanmi w oswa zanmi w. Anplis de sa, Ministè Sante nou an pral divilge PHI sou ou bay yon ajans k ap ede nan efò pou sekou lè katastwòf pou fanmi w ka jwenn enfòmasyon sou kondisyon w, sityasyon w ak kote w ye.
- B. Ministè Sante –Anyè:** Ministè nou an kapab mete sèten enfòmasyon sou ou nan yon anyè lè ou se yon pasyan lopital. Enfòmasyon sa a ap gen ladann non w, kote ou ye nan Ministè nou an, kondisyon jeneral ou (pa egzanp, pa pi mal, estab, grav, elatriye) ak afilyasyon relijye w. Enfòmasyon anyè a, eksepte afilyasyon relijye w, yo pral divilge bay moun ki mande pou ou pa non w. Ou gen dwa pou mande pou yo pa mete non w nan anyè Ministè Sante nou an. Si w mande pou w pa patisipe nan anyè a, nou pa kapab enfòm vizitè yo sou prezans ou, kote w ye a, oswa kondisyon jeneral ou.
- C. Swen Espirityèl:** Y ap bay yon manm legliz enfòmasyon anyè, ak ladann afilyasyon relijye w, menmsi yo pa mande pou ou pa non w. Founisè swen espirityèl yo se manm ekip swen sante a epi yo ka konsilte yo konsènan swen w. Ou gen dwa pou mande pou yo pa bay okenn manm legliz la non w.
- D. Rapò Medya:** Ministè Nou an pral divilge enfòmasyon anyè etablisman yo bay medya yo (eksepte afilyasyon relijye) si medya yo mande enfòmasyon sou ou lè yo itilize non ou. Remake byen ou ka refize yo mete w nan anyè a.

### III. Itilizasyon oswa Divilgasyon ki Mande Otorizasyon w

- A. **Maketing:** Sof nan kèk eksepsyon limite, otorizasyon alekri w obligatwa nan ka kote Ministè nou an resevwa nenpòt peman finansye dirèk oswa endirèk an echanj pou fè kominikasyon an avèk ou ki ap ankouraje w achte yon pwodwi oswa sèvis oswa pou yon divilgasyon bay yon entèmedyè ki vle komèsyalize pwodwi oswa sèvis yo a ba ou.
- B. **Rechèch:** Ministè nou an ap mande otorizasyon w alekri ou pou itilize oswa divilge PHI ou pou rezon rechèch lè HIPAA oswa lwa ak règleman rechèch medikal yo egzije sa.
- C. **Nòt Sikoterapi:** Pifò itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi yo mande otorizasyon w alekri.
- D. **Lavant PHI:** Sòf nan kèk eksepsyon limite, divilgasyon ki konstitye yon lavant PHI mande otorizasyon w alekri.
- E. **Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon:** Nenpòt lòt itilizasyon oswa divilgasyon PHI ki pa dekri nan Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a ka mande otorizasyon w alekri (si HIPAA pa pèmèt sa). Otorizasyon alekri yo pral fè w konnen poukisa n ap itilize PHI w la. Ou gen dwa revoke yon otorizasyon nenpòt ki lè.

### IV. Itilizasyon oswa Divilgasyon Otorize oswa Egzije pa Règleman Piblik oswa Lalwa san Otorizasyon w.

- A. **Objektif pou Respekte Lalwa:** Ministè nou an ka divilge PHI ou nan objektif pou respekte lalwa jan lalwa pèmèt, tankou idantifye yon sispèk kriminèl oswa yon moun ki disparèt oswa bay enfòmasyon sou yon viktim krim oswa yon konpòtman kriminèl ki afekte ou.
- B. **Egzije pa Lalwa:** Ministè Sante nou an pral divilge PHI sou ou lè lwa federal, eta oswa lokal egzije sa. Egzanp yo gen ladan yo divilgasyon an repons pou yon òdonans tribinal / konvokasyon tribinal, rapò obligatwa bay eta (pa egzanp, blesi pa bal, timoun ki viktim abi oswa neglijan), ankèt gouvènman an, oswa enfòmasyon ki nesèsè pou konfòme yo ak lòt lwa tankou konpansasyon travayè oswa lwa menm jan an yo. Ministè nou an pral rapòte detounman medikaman ak enfòmasyon ki gen rapò ak fwod nan zafè preskripsyon bay ajans ki fè respekte lalwa ak ajans règlemantasyon.
- C. **Siveyans oswa Sekirite Sante Piblik:** Ministè nou an pral itilize ak divilge PHI pou evite yon menas grav pou sante ak sekirite yon moun oswa piblik la. Egzanp yo gen ladan yo divilgasyon PHI bay anketè eta yo konsènan kalite swen oswa bay ajans sante piblik konsènan vaksen, maladi kontajye, elatriye. Ministè Sante nou an pral itilize ak divilge PHI pou aktivite ki gen rapò ak kalite, sekirite oswa efikasite pwodwi oswa aktivite FDA reglemante, ak ladan yo kolekte epi rapòte evènman negatif, swiv, ak fasilite rerantre pwodwi, elatriye.
- D. **Dokè Legal, Ekzaminatè Medikal, Direktè Ponp Finèb:** Ministè nou an pral divilge PHI ou a bay yon doktè legal oswa yon egzaminatè medikal. Pa egzanp, sa ap

nesesè pou idantifye yon moun ki mouri oswa pou detèmine yon kòz lanmò. Ministè nou an ka divilge enfòmasyon medikal ou yo bay direktè fineray yo jan sa nesèsè pou yo ka fè travay yo.

- E. Prelevman Ògàn:** Ministè nou an pral divilge PHI bay yon òganizasyon oswa yon antite prelevman ògàn pou rezon don ògàn, je, oswa tisi.
- F. Fonksyon Gouvènmantal Espesyalize:** Ministè nou an pral divilge PHI ou konsènan fonksyon gouvènmantal yo tankou militè, sekirite nasyonal ak aktivite entelijans. Ministè Sante nou an ap itilize oswa divilge PHI bay Depatman Afè Veteran yo pou detèmine si w kalifye pou jwenn sèten avantaj.
- G. Vaksen:** Ministè nou an pral divilge prèv vaksinasyon nan yon lekòl kote eta a oswa lòt lwa menm jan an egzije sa anvan yo admèt yon elèv.

## **V. Dwa w pou Enfòmasyon Sante w**

Ou gen dwa endividyèl annapre yo konsènan PHI ou:

- A. Dwa pou Enspekte ak Kopye:** Sof pou kèk eksepsyon limite, ou gen dwa pou w jwenn aksè nan PHI w la epi pou w enspekte ak kopye PHI w toutotan nou kenbe done yo.

Si Ministè nou an refize demann ou pou jwenn aksè nan PHI ou, n ap fè w konnen rezon refi a alekri. Pa egzanp, ou pa gen dwa pou pran nòt sikoterapi yo oswa pou enspekte enfòmasyon ki gen posibilite pou lalwa entèdi aksè nan yo. Ou ka gen dwa pou mande ke yo revize desizyon sa a.

Ou gen dwa tou pou mande PHI ou nan fòma elektwonik nan ka kote Ministè Sante nou an itilize dosye sante elektwonik. Ou ka jwenn enfòmasyon tou atravè pòtay pasyan si Ministè Sante nou an fè li disponib.

Yo pral fè w peye yon frè ki rezonab pou kopye dapre lwa federal oswa eta ki aplikab.

Pou fasilite w, kèk nan PHI ou yo pral aksesib nan yon pòtay pasyan. Aksè nan PHI anplis fèt ak yon demann pou aksè.

- B. Dwa pou Chanjman:** Ou gen dwa pou chanje PHI ou pandan tout tan Ministè Sante nou an kenbe done yo. Ou dwe fè demann ou pou chanjman PHI w la alekri nan [privacyofficer@trinity-health.org](mailto:privacyofficer@trinity-health.org) oswa, bay ofisye konfidansyalite sistèm nou an nan 20555 Victor Parkway Livonia MI 48152 mete ladann rezon w pou sipòte demann chanjman an.

Sepandan, Ministè nou an pral refize demann pou chanjman w lan si:

- i.** Ministè nou an pa t kreye enfòmasyon an;
- ii.** Enfòmasyon an pa fè pati seri dosye ki deziyen an;
- iii.** Enfòmasyon an pa t ap disponib pou enspeksyon ou (poutèt kondisyon li oswa nati li); oswa
- iv.** Enfòmasyon an egzak epi konplè.

Si yo refize demann ou pou chanjman nan PHI ou a, Ofisye Konfidansyalite a pral fè w konnen rezon refi a alekri. Ofisye Konfidansyalite a pral enfòmè w tou sou dwa w genyen pou w soumèt yon deklarasyon alekri ki pa dakò ak refi a. Ou ka mande pou Ministè nou an mete ladann demann pou chanjman w lan ak refi a nenpòt ki lè ke Ministè Sante nou an ap divilge enfòmasyon ou te vle chanje yo. Ministè nou an ka prepare yon objeksyon sou deklarasyon dezakò w la epi l ap ba w yon kopi objeksyon sa a.

**C. Dwa pou yon Kontabilite:** Ou gen dwa pou resevwa yon kontabilite sou divilgasyon PHI ou ke Ministè nou an te fè, eksepte pou divilgasyon annapre yo:

- i. Pou fè tretman, peman, oswa operasyon swen sante;
- ii. Pou ou;
- iii. Pou moun ki enplike nan swen w;
- iv. Pou rezon sekirite nasyonal oswa entèlijans; oswa
- v. Pou enstitisyon koreksyonèl oswa ofisyèl ki fè respekte lalwa.

Ou dwe fè demann ou pou yon kontabilite divilgasyon PHI ou alekri bay ministè nou an nan [privacyofficer@trinity-health.org](mailto:privacyofficer@trinity-health.org) oswa, bay ofisye konfidansyalite sistèm nou an nan 20555 Victor Parkway Livonia MI 48152.

Ou dwe mete ladann peryòd tan kontabilite a, ki pa ka pi long pase 6 ane. Yon fwa nan nenpòt peryòd 12 mwa, Ministè nou an ap ba w yon kontabilite sou divilgasyon PHI ou gratis. Nenpòt demann anplis pou yon kontabilite nan peryòd tan sa a pral mande yon frè rezonab pou prepare kontabilite a.

**D. Dwa pou Mandè Restriksyon:** Ou gen dwa pou mande restriksyon sou sèten itilizasyon ak divilgasyon PHI ou pou fè tretman, peman oswa fonksyon operasyon swen sante oswa pou entèdi divilgasyon sa yo. Sepandan, Ministè nou an ap konsidere demann ou an men li pa oblije dakò ak restriksyon ke w mande yo.

**E. Dwa pou Mandè Restriksyon pou yon Plan Sante:** Ou gen dwa pou mande yon restriksyon sou divilgasyon PHI ou a pou yon plan sante (pou rezon peman oswa operasyon swen sante) nan ka kote ou te peye ak lajan nan pòch ou, nèt, pou atik ki te resevwa yo oswa sèvis yo te bay yo. Yo pral reyalize demann sa yo.

**F. Dwa pou Kominikasyon Konfidansyèl:** Ou gen dwa pou resevwa kominikasyon konfidansyèl sou PHI ou pa lòt mwayen oswa nan lòt kote. Pa egzanp, ou ka mande pou Ministè nou an sèlman kontakte w nan travay ou oswa pa lapòs. Si ou te bay imèl ou, Ministè nou an ka kontakte w pa imèl sa a sof si w mande yon lòt mwayen pou kontakte w.

**G. Dwa pou Resevwa yon Kopi Avi sa a:** Ou gen dwa pou resevwa yon kopi sou pape Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a, sou demann.

## VI. Vyolasyon PHI ki Pa Sekirize

Si yon vyolasyon PHI ki pa sekirize ki afekte w fèt, Ministè nou an oblije avètiw pou vyolasyon an. Asosye komèsyal nou an ka bay avi sa yo sou non nou.

## VII. **Pataj ak Itilizasyon Miks Enfòmasyon sou Sante w**

Manm Trinity Health yo, Ministè nou an ak pèsònèl medikal la sèvi ak PHI ou pou tretman, peman ak/oswa pou operasyon swen sante HIPAA otorize an parapò ak pasyan nou gen ansanm yo. Pandan n ap ba w swen epi pou avansman misyon Ministè nou an pou amelyore sante kominote a, n ap pataje PHI w ak lòt òganizasyon ak founisè ki te dakò pou respekte kondisyon yo ki dekri anba a:

- A. Pèsònèl Medikal.** Pèsònèl medikal la ak Ministè nou an patisipe ansanm nan yon aranjman pou swen sante òganize pou ba w swen sante nan Ministè nou an. Tou de Ministè nou an ak pèsònèl medikal li a te dakò pou yo respekte kondisyon Avi sa a konsènan PHI ki te kreye oswa resevwa kòm yon pati nan livrezon swen sante ou nan Ministè Sante nou an. Ministè nou an ak pèsònèl medikal nou an pral jwenn aksè epi sèvi ak PHI pou akonpli misyon charitab nou an, tankou evalye ak amelyore kalite swen yo.
- B. Abònman nan Trinity Health.** Ministè nou an ak lòt manm Trinity Health yo patisipe ansanm nan yon aranjman swen sante òganize pou revizyon itilizasyon, evalyasyon kalite, ak aktivite ki gen rapò yo. Antan ke yon pati nan Trinity Health, yon sistèm swen sante Katolik nasyonal, Ministè Sante nou an ak lòt lopital, mezon retrèt, ak founisè swen sante nan Trinity Health pataje PHI ou pou revizyon itilizasyon, evalyasyon kalite, ak aktivite ki gen rapò ak Trinity Health, manman konpayi an, ak manm li yo. Tout manm Trinity Health te dakò pou yo respekte kondisyon Avi sa a konsènan PHI ki te kreye oswa resevwa nan kad aktivite revizyon itilizasyon ak evalyasyon kalite yo.

Tanpri ale sou sit entènèt Trinity Health pou jwenn yon lis òganizasyon manm yo nan <http://www.trinity-health.org/>. Oswa, altènativman, ou ka rele Ofisye Konfidansyalite nou an pou mande menm bagay la nan 833-718-1043, oswa ou ka voye yon imèl ba nou nan [privacyofficer@trinity-health.org](mailto:privacyofficer@trinity-health.org).

- C. Asosye Komèsyal** Ministè nou an pral pataje PHI ou ak asosye komèsyal yo ak soutretan yo ki gen kontra pou fè fonksyon komèsyal nan non nou, sa enklè Trinity Health ki jere kèk fonksyon komèsyal pou Ministè nou an.
- D. Founisè Swen Sante ak Kowòdonatè Swen ou yo** Ou resevwa swen nan men Ministè nou an ki bay nan yon anviwònman swen entegre, kote plizyè founisè diferan wè pasyan yo ak nan plizyè anviwònman swen kòm yon pati nan kontinyite swen ak livrezon swen kowòdone. Ministè nou an pataje PHI ou ak lòt founisè swen sante ak kowòdonatè swen ki travay ansanm pou bay tretman, jwenn peman, ak fè operasyon swen sante. PHI ou pataje elektwonikman nan plizyè jan ak founisè ki enplike nan livrezon swen ak kowòdinasyon swen. Yo ka pataje PHI ou atravè yon koneksyon dirèk nan sistèm dosye sante elektwonik lòt founisè yo. Yo ka pataje PHI ou nan yon echanj enfòmasyon sou sante oswa atravè teknoloji ki pèmèt founisè yo ak kowòdonatè swen yo jwenn enfòmasyon ou. Yo ka pataje PHI ou atravè yon transmisyon sekirize nan bwat resepsyon lòt founisè yo.

## VIII. **Chanjman nan Avi sa a.** Ministè nou an ap respekte kondisyon Avi ki anvigè kounye a. Nou rezève dwa pou fè chanjman materyèl nan kondisyon ki nan Avi li a ak fè nouvo dispozisyon Avi yo efikas pou tout PHI li kenbe. Ministè Sante nou an pral distribye / ba

ou yon Avi revize nan premye vizit ou apre revizyon Avi a nan ka kote li fè yon chanjman enpòtan nan Avi a. Ou ka mande tou pou yon kopi aktyèl Avi a nenpòt ki lè. Kopi aktyèl yo afiche sou paj entènèt Ministè a.

Plent. Si ou kwè yo te vyole dwa konfidansyalite w, ou ka depoze yon plent bay Ofisye Konfidansyalite nou an oswa ak Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen. Tout plent yo dwe soumèt alekri dirèkteman nan [privacyofficer@trinity-health.org](mailto:privacyofficer@trinity-health.org) oswa bay ofisye konfidansyalite sistèm nou an nan 20555 Victor Parkway Livonia MI 48152.

**IX. *Yo p ap pran revanj kont ou si w depoze yon plent.***

**Ofisye Konfidansyalite – Kesyon / Enkyetid / Enfòmasyon Anplis. Si w gen nenpòt kesyon, enkyetid, oswa ou vle plis enfòmasyon konsènan pwoblèm ki kouvri nan Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a oswa ap chèche plis enfòmasyon konsènan règleman ak pwosedi sou vi prive Ministè Sante nou an, tanpri kontakte ofisye konfidansyalite nou an nan 833-718-1043, oswa ou ka voye yon imèl ba nou nan [privacyofficer@trinity-health.org](mailto:privacyofficer@trinity-health.org).**